# मार्कण्डेय प्रवासी

| | | |
|---|---|---|
| जन्म | – | 1 मई, 1942 |
| जन्म स्थान | – | गरुआरा, समस्तीपुर |
| वृति | – | पत्रकारिता, 'आर्यावर्त' क पूर्व सम्पादक, तदुपरान्त-स्वतंत्र लेखन। |
| कृति | – | मैथिली-अगस्त्यायनी(महाकाव्य), एतदर्थ (तदर्थ काव्य), अभियान, हम कालिदास(उपन्यास), हम भेटब (गीत-नवगीत)। मैथिलीमे-'झामलालक झामा' तथा हिन्दी मे 'चुटकुलानन्द की चिट्ठी' स्तम्भक माध्यमे व्यंग्य लेखन।<br>हिन्दी-शंखध्वनि, कविता बोलती है, सूरज ने लिखा है (गीत-नवगीत) तथा कस्तूरी बाई (उपन्यास)। |
| सम्मान | – | अगस्त्यायनी महाकाव्य पर 1981 ई0 मे साहित्य अकादेमी पुरस्कार। |
| निधन | – | 13 जून 2010 ई0 |

□□□

# हम भेटब

जहिया-जहिया हृदय हीनता
खटकत मोनक बाट पर,
हम भेटब-
इतिहास-नदीकेर-
चिक्कन-चुनमुन घाट पर!
अछि कविता कोईलीक बहिनपा,
नहि बाजत कागक भाषा,
चीर हरण नहि कऽ सकैत अछि
साहित्यिक द्यूतक पासा
जहिया-जहिया
शील तथा आदर्श गीतमे नहि अभरत,
हम भेटब-
अपने सीमान पर-
बैसल टूटल खाटपर!
आइ भने किछु भाइ-बन्धु
सगरो बबूर बनि जनमल छथि,
भीतरसँ महकल छथि, तैयो-
बाहर-बाहर गमकल छथि
साँप जकाँ-
डँसि लेत जखन सौंसे समाजकेँ दुर्जनता,
विष उतरत-
हमरे चार पर!

अछि गीदड़कँ हरिण कहै ले'

होड़ मचल हम मौन छी

भोनू भाव न जानथि, तँ हम

गोनू रहितहुँ गौण छी

जहिया-जहिया मैथिलत्व-

हारल धकिआओल-सन लागत,

हम भेटब-

तिलकोर जकाँ-

चतरल साहित्यक टाट पर!

**शब्दार्थ**

काग-कौआ

द्यूत-जुआ

शील-चरित्र

दुर्जन-खराब लोक, दुष्ट लोक

## प्रश्न ओ अभ्यास

**1. वस्तुनिष्ठ प्रश्न :-**

(i) हम भेटबक लेखक के छथि ?

(क) कमलाकान्त भंडारी (ख) उदयचन्द्र झा 'विनोद' (ग) मार्कण्डेय प्रवासी (घ) डॉ0 वीणाधर झा

(ii) के कागक भाषा नहि बाजत?

(iii) गीतमे जहिया-जहिया की नहि अमरत?

(iv) दुर्जन कथी जकाँ डँसि लेत?

**2. लघूत्तरीय प्रश्न :-**

(i) हम अपन सीमान पर कथीक कारण भेटब?

(ii) आइ किछु भाय-बन्धु केहन छथि?

(iii) हम तिलकोरे पर किएक भेटब?

**3. दीर्घोत्तरीय प्रश्न :-**

(i) हम भेटब कविताक सारांश लिखू।

(ii) हम भेटब कविताक विशेषता लिखू।

(iii) अछि कविता कोइलीक बहिनिपा, नहि बाजत कागक भाषा,
चीर हरण नहि कऽ सकैत अछि, साहित्यक द्यूतक पासा।
उपर्युक्त पद्यांशक भावार्थ लिखू?

**4. मिलान करू**

| | | |
|---|---|---|
| (i) | हम भेटब | (क) मन्त्र |
| (ii) | काग | (ख) बन्धु |
| (iii) | भाइ | (ग) कौआ |
| (iv) | आखर | (घ) मार्कण्डेय प्रवासी |
| (v) | भोनू | (ङ) गोनू |